

JÈM YO KAPAB VIV NAN SAN.

KI KOTE RISK LA YE?


Nou dwe konnen ki kote jèm yo ap viv pou kanpe l epi pwoteje pasyan yo



- Viris tankou VIH, epatit B, ak epatit C kapab pwopaje nan swen sante lè san ki kontamine a sou yon atik ki kapab blese moun.
- Si atik sa a lakòz yon moun blese oswa fann po yon lòt moun (pa egzanzp, lè yon ze gwi pike yon moun pa ksidan), jèm yo kapab pwopaje apati moun sa a epi lakòz yon nouvo enfeksyon.
- Lè w resèvi ak zegwi oswa sereng yo li espesyalman riske paske jèm ki nan san an kapab pwopaje soti nan yon moun pou ale nan yon lòt.
- San nan anviwònman an – tankou sou yon rad oswa yon aparèy ankouraje bakteri a devlope epi pwopaje lè moun touche l oswa lè moun touche aparèy yo.

Jèm Yo Kapab Viv nan San

- VIH
- Epatit B
- Epatit C
- Bakteri (lè li pa deyò
- kò a)



Tach Swen Sante ki Enplike San

- Mete yon Entranez
- Bay yon enjeksyon
- Operasyon ak pwosedi
- Chanje rad ki sal

Mezi pou Kontwòl Enfeksyon pou Diminye Risk yo

- Ijyèn men
- Itilize ekipman pwoteksyon pèsònèl (gan, blouz, pwoteksyon pou zye)
- Enjeksyon ki san danje
- Netwayaj ak dezenfeksyon
- Jesyon tekstil